Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 41 (7337)
3 октябрь 2018 сон
АрбагI
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»



## Анлъабилеб нухалда ахIараб депутатазул Собраниялъул заседание



Араб анкьалда, ай 27 сентябралда администрациялъул конференц-залалда букIана иргадулаб анлъабилеб нухалъ ахIараб депутатазул Собраниялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо районалъул» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, бетIерасул зам С. АрулмухIамадов, счётниябгун хадуб хал ккеялъул палатаялъул пред. Ж.Шамсудинов, районалъул администрациялъул отделазул начальникал, росабазул бутIрул ва депутатал.

Заседание рагьана ва бачана К. Асадулаевас. Балагьиялде росулел суалазул цояб букIана социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул. Гьелда хурхун информация гьабуна начальникасул ишал тIуралев ГI.ХIамзатовас.

Хадув кIалъарав финотделалъул начальник С.АрулмухIамадовас сессиялде росизе рихьизаруна гьал хадусел суалал:

**1.** 2018 соналъул 21.06.№64 бугеб 2018-2019-2020сс заманаялъе бугеб РДялъул «Унсоколо район» МОялъул бюджеталъул хIакъалъулъ хIукмуялда хиса-басиял гьари.

**2.** Росабазул 2018 соналъул хайиралъул ва харж гьабулеб бутIабазул планал дагь гьари.3. «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул хIукмуялда хиса-басиял гьари.

Заседаниялда кIалъана Ж. Шамсудинов. Гьес бицана счётниябгун хадуб хал ккеялъул палатаялъухъе кьун бугин росабазул администрациязул полномочиялги, - абун.

КIалъана ГI.НурмухIамадов: Гьес бихьизабуна: «Нужеда тIад лъолел руго чIахIиял хьулал районалъул ва росабазул захIматал суалал тIураялда хурхун» , - абун.

«Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул управделами А.МухIамадгIалиева кIалъазе яхъана гьал хадусел суалаздасан:

**1.** Депутатазул Собраниялъул Положение къабул гьабиялъул хIакъалъулъ.

**2.** Саназде рахинчIел лъималазул ихтиярал цIуниялъулъ гьарулел ругел хиса-басиязул.

Гьединго РФялъул мустахIикъав гIалимчи, академик ва Россиялъул экологиялъул академиялъул президиумалъул член ГIабдурахIманов Гьайирбег ракIалда хутIиялъе «Балаханская СОШ» МКОУялъе гьесул цIар кьезе бихьизабуна. Росдал администрациялъул бетIер У. НурмухIамадовас цIалана академикасул автобиография. КIалъазе рахъараз гьелда хурхун жидерго пикраби рицана.

Баркиял

## ЧIахIиязул Къогун!

Гъваридаб адаб-хIурматгун баркула чIахIияб гIелалда Халкъазда гьоркьосеб чIахIиязул Къо. Нилъер умумаз, насихIатчагIи-ракьцояз гIуцIана цIунана кинабго нилъер бугебщинаб гIолеб гIелалъе.

КIвар бугеблъун ккола нилъер районалда кIудияб кIвар кьолеб букIин ригь арал гIадамазул гIумроялде. Аслияб масъалалъун рикIкIуна гIумро гьабиялъул качество, щивав ригь арав чиясул ахIвал-хIал лъикIлъи. Нужер кIигъуждузда баччана кIудияб захIмалъи. Гьелъ нуж нижер чIухIилъунги руго. Нужер гьайбатаб захIмат гIолеб гIелалъе мисаллъунги буго. Ниж чIахIияллъун рахъиналъеги кумек гьабула нужеца. Нужер лъикIал ракIазулъ букIуна ниж ричIчIи ва кквей, сабру ва рохел, рухI-хIал, гъира базаби. Нужер къохIехьеялъе мустахIикъаллъун рукIине руго ниж хадубккунги. Халатаб, талихIаб букIаги нужер гIумро, нужее мустахIикъаллъун гIеги лъимал ва гьезул лъимал!

Сахлъи, рохел, битIккей нужее!

## Учительзабазул Къогун!

ХIурматиял учительзаби, преподавателал, школалда цересел ва тIадеги лъай кьеялъул педагогал, педагогикияб захIматалъул ветеранал! РакI-ракIалъ баркула нужеда нужер махщалил праздник!

Нужер пайдаяб ва бигьаяб гуреб захIмат обществалда рикIкIуна хIурматияблъун, гьелъие хIажалъула тIадегIанаб махщел, кIудияб захIмат, гIакълу, сабру ва ишалъе живго сайигъат гьави. Кидаго бигьаго букIинчIо учителясе.ГIумроялъул гьесдехун цIикIкIараб тIалабчилъи букIуна, хисхисула лъай кьеялъул технология, цIалул программаби, цIи гьарула лъай кьеялъул стандартал.

Амма гьединал хиса-басиязул, модернизациялъул ва компьютералъул ахIвал-хIалалда учителасул гьунар ва махщел сунцаго хисизе рес гьечIо.

Изну кье, нужеда абизе хирияй учительзаби, бищунго хIеренал, ракI-ракIалъул хинал рагIаби, нужерго махщелалъе бугеб ритIухълъиялъухъ, налъиялъухъ, рекIел хинлъиялъухъ.

Хас гьабун праздник баркизе бокьун буго педагоглъиялъул ветераназда, гIолеб гIел куцаялъулъ лъураб кIудияб захIматалъухъ.

Гьарула киналго педагоглъиялъул вакилзабазе сахлъи, талихI, лъугIулареб рухI-жан, церехун ине тIадегIанал рорхалъаби! Божарав вуго районалда лъай кьей тIадегIанаб даражаялда букIинин хадубккунги, - абун.

**ГI.НурмухIамадов.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

# На публичное обсуждение представляется проект Плана по противодействию коррупции администрации муниципального района «Унцукульский район» на 2018-2020 гг.

В Унцукульском районе разработан новый План по противодействию коррупции администрации муниципального района «Унцукульский район» на 2018-2020 гг.

Для исполнения мероприятий, указанных в плане, задействованы все структурные подразделения районной администрации, указаны сроки их реализации.

Рекомендации и предложения по исполнению данного Плана просим направить в администрацию МР «Унцукульский район» по адресу: **Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. М. Дахадаева, 3.**

**ПРОЕКТ**
УТВЕРЖДЕНО
постановлением главы МО «Унцукульский район»
от «___» ________2018 г. № ____

# План
# по противодействию коррупции администрации муниципального района «Унцукульский район» на 2018-2020 гг.

| № | Мероприятия | Исполнители мероприятий | Исполнение, вид документа | Сроки исполнения | Ожидаемый результат |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 1 | Проведение общественных обсуждений (с привлечением экспертного сообщества) проектов планов противодей¬ствия коррупции на 2018-2020 годы органов местного самоуправления Унцукульского района (далее - ОМС) в рамках реализации мероприятий Национального плана противодействия коррупции на 2018-2020 годы (далее - Национальный план) | Помощник главы администрации муници-пального района «Унцукульский район» по противодействию коррупции (далее – помощник главы) | Доклад главе МР «Унцукульский район» (далее -глава МР) | До 1 октября 2018 года | повышение эффективности общественного контроля за организа-цией работы по противодействию коррупции |
| 2 | Обеспечение ежегодного проведения социологических исследований в целях оценки уровня коррупции в Унцукульском муниципальном районе на основании методики, утвержденной Правительством Российской Федерации | МБУ «Единая информационная служба» администрации МО «Унцукульский район | отчет в Комиссию по противодействию коррупции в МР «Унцукульский район» (далее - Комиссия | Ежегодно, до 1 декабря | анализ уровня и динамики коррупции, отношения населения к коррупционным проявлениям; выработка мер по повышению эффективности противодействия коррупции |
| 3 | Проведение комплекса мер, направленных на повышение эффективности взаимодействия ОМС с правоохранительными и налоговыми органами, органами казначейства и кредитными организациями по легализации «теневой» экономики и «теневой» зарплаты, противодействию отмыванию доходов, а также на своевременное выявление и предотвращение правонарушений во всех отраслях экономики района | Отдел экономики | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря | снижение уровня коррупции в республике; повышение эффективности расходования бюджетных средств; повышение собираемости налогов |
| 4 | Обеспечение соблюдения требований законодательства. Российской Федерации при поступлении граждан на муниципальную службу, в том числе принятие мер по минимизации коррупционных рисков при проведении конкурсов на замещение вакантных должностей | Кадровая служба | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря | повышение уровня доверия граждан к ОМС;обеспечение условий для добросовестного исполнения муниципальными служащими своих служебных обязанностей |
| 5 | Обеспечение соблюдения лицами, замещающими муниципальные должности и должности муниципальной службы, единых принципов профессиональной служебной этики и требований к служебному поведению | Кадровая служба | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря | |
| 6 | Обеспечение ежегодного повышения квалификации должностных лиц ОМС, ответственных за профилактику коррупционных и иных правонарушений | Управление делами администрации, кадровая служба | Доклад в Комиссию | До 20 января года, следующего за отчетным | повышение эффективности деятельности уполномоченного органа республики по профилактике коррупционных и иных правона-рушений и должностях лиц МС, ответственных за профилактику коррупионных и иных правонарушений |
| 7 | Принятие мер по недопущению случаев возложения на подразделения (должностных лиц) по профилактике кор¬рупционных и иных правонарушений функций, не отно¬сящихся к антикоррупционной работе, и обеспечение их организационной и функциональной независимости | Управление делами администрации, кадровая служба | Доклад в Комиссию | До 30 декабря 2018 года, до 20 сентября 2019 года | |
| 8 | Соблюдение принципа стабильности кадров при организации работы подразделений и должностных лиц ОИВ РД и ОМС, ответственных за работу по профилактике коррупционных и иных правонарушений | Управление делами администрации, кадровая служба | Доклад в Комиссию | До 20 января года, следующего за отчетным | |
| 9 | Внедрение в деятельность подразделений по профилактике коррупционных и иных правонарушений (должностных лиц, ответственных за профилактику коррупционных и иных правонарушений), компьютерных программ, разработанных на базе специального программного обеспечения в целях осуществления: мониторинга и автоматизированного анализа сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, представляемых лицами, претендующими на замещение должностей, включенных в соответствующие перечни, и лицами, замещающими указанные должности, с использованием баз данных о недвижимом имуществе, транспортных средствах, счетах, кредитах, ценных бумагах;сбора, систематизации и рассмотрения обращений граждан о даче согласия на замещение в организации должности на условиях гражданско-правового договора (гражданско-правовых договоров) или на выполнение в данной организации работы (оказание данной организации услуг) на условиях трудового договора, если отдельные функции государственного, муниципального управления данной организацией входили в должностные (служебные) обязанности государственного или муниципального служащего | Помощник главы; МБУ «Единая информационная служба | Доклад главе МР | внедрение - в 2019 г.; использование-в 2020 г | повышение эффективности деятельности должностных лиц ОМС, ответственных за профилактику коррупционных и иных правонарушений |

**(Продолжение на 3 странице)**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **10** | Принятие мер по повышению эффективности контроля за соблюдением лицами, замещающими муниципальные должности и должности муниципальной службы в Унцукульском районе, требований законодательства Российской Федерации о противодействии коррупции, касающихся предотвращения и урегулирования конфликта интересов, в том числе за привлечением таких лиц к ответственности в случае их несоблюдения | Помощник главы | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря. Итоговый доклад - до 15 ноября 2020 года | повышение эффективности организации противодействия коррупции в ОМС; повышение персональной ответственности должностных лиц засоблюдение законодательства о противодействии коррупции; повышение уровня доверия населения к деятельности ОМС |
| **11** | Проведение мониторинга информации о коррупционных проявлениях в деятельности должностных лиц, размещенной в СМИ и содержащейся в поступающих обращениях граждан и юридических лиц, в том числе о несоблюдении ограничений, запретов и невыполнении требований о предотвращении и урегулировании конфликта интересов, установленных в целях противодействия коррупции | Помощник главы | Доклад в Комиссию | Раз в полугодие, до 20 июля и до 20 декабря | |
| 12 | Повышение квалификации лиц, замещающих муниципальные должности в МР по программам в области противодействия коррупции | Управление делами администрации, кадровая служба | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 20 января года, следующего за отчетным | повышение эффективности деятельности ОМС по противодействию коррупции; |
| 13 | Информирование граждан о результатах проведенных проверок, обстоятельствах совершения коррупционных правонарушений и принятых мерах в отношении виновных должностных лиц посредством размещения указанных сведений на официальных сайтах | МБУ «Единая информационная служба» | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря | повышение информированности граждан о результатах деятельности по противодействию коррупции;формирование в обществе нетерпимости к коррупционным проявлениям |
| 14 | Обеспечение введения с 1 января 2019 года требования об использовании специального программного обеспечения «Справки БК» всеми лицами, претендующими на замещение должностей или замещающими должности, осуществление полномочий по которым влечет за собой обязанность представлятьсведенияосвоихдоходах,расходах,обимуществе и обязательствах имущественного характера, о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера своих супругов и несовершеннолетних детей, при заполнении справок о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера | Помощник главы | Доклад главе МР | До 1 января 2019 года | обеспечение достоверности и полноты представляемых сведений о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера |
| 15 | Ведение личных дел лиц, замещающих муниципальные должности и должности муниципальной службы в соответствии с требованиями законодательства | Кадровая служба | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря. Итоговый доклад - до 15 ноября 2020 года | актуализация сведений, содержащихся в анкетах должностных лиц о членах семьи, родственниках и свойственниках; выявление фактов конфликта интересов на государственной и муниципальной службе; повышение эффективности кадровой работы |
| 16 | Ознакомление лица, замещающего муниципальную должность, должности муниципальной службы, с документами своего личного дела во всех случаях, предусмотренных законодательством Российской Федерации | | | Ежегодно, до 15 марта года, следующего за отчетным; | |
| 17 | Актуализация сведений, содержащихся в анкетах, представляемых при назначении на муниципальную должность и поступлении на муниципаль-ную службу в МР | | | ежегодно, до 15 марта года, следующего за отчетным | |
| 18 | Обучение муниципальных служащих в МР, впервые поступивших на муниципальную службу в МР, для замещения должностей, включенных в перечни должностей, установленные нормативными правовыми актами МР, по образовательным программам в области противодействия коррупции | Кадровая служба, управление делами администрации | Доклад в Комиссию | До 1 октября 2020 года | снижение количества коррупционных правонарушений в ОМС |
| 19 | Проведение комплекса организационных, разъяснительных и иных мер по предупреждению коррупции в организациях, созданных для выполнения задач, поставленных перед ОМС | Помощник главы, управление делами администрации | Доклад Главе МР | Ежегодно, до 15 января 1 года, следующего за отчетным | снижение уровня коррупционных правонарушений |
| 20 | Совершенствование мер по противодействию коррупции в сфере закупок товаров, работ, услуг для обеспечения муниципальных нужд МР | Ответственный по закупкам ОМС | Доклад Главе МР | Ежегодно, по мере внесений изменений в законодатель-ство РФ | снижение уровня коррупции при осуществлении закупок; повышение эффективности расходования бюджетных средств |
| 21 | Проведение семинаров-совещаний по актуальным вопросам применения законодательства Российской Федерации о противодействия коррупции с должностными лицами, ответственными за профилактику коррупционных и иных правонарушений ОМС | Помощник главы, управление делами администрации | Доклад Главе МР | Раз в полу-годие, до 1 - го числа ме¬сяца, следу¬ющего за отчетным периодом | повышение эффективности работы должностных лиц, ответственных за профилак-тику коррупционных и иных правонарушений |
| 22 | Проведение оценки эффективности деятельности ОМС в сфере противодействия коррупции на основании соответствующей методики, одобренной Комиссией | Помощник главы, управление делами администрации | Доклад в Комиссию | Ежегодно, до 15 декабря, начиная с 2019 года | повышение результативности работы ОМС |

## Последние новости Дагестана

Власти Дагестана со следующего года планируют перейти на новую систему обращения твердыми коммунальными отходами (ТКО). Вопросы перехода на новую систему обсудили в понедельник в правительстве республики, сообщили в пресс-службе администрации главы и правительства региона. Настоящее время идут подготовительные работы.

5 октябрь - учителасул Къо

# Эбел-эмен разияй педагог



Щивасул рекIелъ гIумроялъго хутIула гьитIинаб гIужалдаса нахъего жинца мисал босарав, даим кIоченчIого хутIулев учитель. Хасго гьединаллъун, рекIелъа унареллъун хутIула тIоцеесей учительница. Гьеб гIуж кколелъулха лъимадуе кинабго рахъалъ кумек хIажатаб, пикруги ишги данде ккезабиялъе, ай эбел-эмен хисизе гьезие кумек хIажатаб заман.

ЦIалдохъабигун ракI-ракIалъ хIалтIулел гьечIони гьединавлъун ракIазулъ хутIуларо гьезда учитель. Лъимерлъуда рекIеда хъвараб гIумроялъго накъищ гIадин хутIулелъул, гьезул цIодораб бералъ чиясул рухIияб лъикIлъи, жиндехунго бугеб гьоркьоблъи цIодорго борцуна.

Жинцаго тарбиягун-лъай кьолел лъималазулъ гIаданлъиялъул асарги толаго педагогасул къиматаб хIалтIи нухда бачунеб буго Унсоколо росулъа Шамильхъала поселокалъул байбихьул классазул учительница ГIабдулаева ПатIимат Расуловналъ. I989 соналда МахIачхъалаялда педагогическияб институталда байбихьул классазул учительницалъунги яхъун ячIана гьей гIагараб районалде хIалтIизе.

Институтазда малъула хIалтIул теория, махщел абуни камиллъула хIалтIуда санал цIикIкIанагIан. Школалда арал саназда жаниб камиллъана ПатIиматилги хIалтIул хIалбихьи.

Соналдаса соналде батIи-батIиял цIилъаби рачIунел руго гьанже хIалтIулъе, заманалдаса нахъе хутIичIого гьеб ишалъулъ хIалтIизабиялде кIвар кьола ПатIиматица. Гьелъ бажарун хIалтIизабула кинабго инновационнияб технология, амма гьебго заманалда кIочон толаро гIадатияб къагIидаялъ лъай кьолеб куцги. Щибаб дарсие хIадурун букIуна кумекалъе, лъималазул пикру гьабиялъул рахъ гIатIилъизабиялъе данде кколеб материал, гьелъ кумек гьабула цогидаб рахъалде пикру биччачIого дарсихъ гIенеккизе гьел тIамиялъе. Байбихьудаго арал дарсазул такрар гьабиялдалъун, дарс тун батIиялде регIичIого рукIиналъе гьабула кIалзулаб цIе-рех, гьеб щивасде ирга щвеледухъ гьабула доскаялдаги, тIамула тетрадалда хъвазеги.

ПатIимат Расуловна ккола цIияб «Россиялъул школа» мисалияб программаялда рекъон хIалтIулезул цояй. Педагогазул совещаниялда гьелъ рихьизаруна гьеб программаялда ругел цо-цо нилъее данде кколарел рахъал. ГьабсагIаталда гьелъ хIадурулеб буго гьеб программаялдасан 2 выпуск. Гьениб ПатIиматица бихьизабулеб буго жиндирго индивидуалияб хIалтIул рахъги. Гьелъул лъайгун тарбия кьеялъул къагIида лъикIаблъун рикIкIана гьелъул выпускниказ ва эбел-инсуца. Гьел разиго руго лъималазул церетIеяздаса, къокъго абуни ПатIиматил тIолабго хIалтIудаса.

Исана ПатIимат йиго 4 классалъул нухмалъулей. Классалда гьабулеб хIалтIулъ цониги праздник кIвар кьечIого толаро гьелъ. Тадбирал гIуцIана Россиялъул Армиялъул къоялде, «ЦIияб Соналде», 8 Марталде ва гь.ц. ГIемер тIоритIула рагьарал дарсал. Гьел уна лъималазул хIаракатаб жигарчилъигун. Тадбиразул букIуна лъайгун-тарбия кьеялъул хасият. Гьедин киналго рахъал хIисабалде росун хIалтIи гIуцIиялъ щулияб лъайги лъикIаб тарбияги бугел цIалдохъаби кьола гьелъ щибаб санайилго тIасияб классалде.

КIудияб адаб-хIурматгун ракIалде щола тIоцеесей учительница хIисабалда жакъа ПатIимат ГIабдулаева цере арал выпускниказда. ГIемерисел гьел лъугьана школалъул чIухIилъун. ГIемерал олимпиадабазда конкурсазда гьел рукIана лъикIал бакIал ккураллъун. ТIадегIанал рорхалъабазде рахинчIел абуни хутIана лъикIаб тарбия щварал гIадамаллъун.

Жиндаго цебе лъураб программаялда бихьизабухъе ПатIимат Расуловналъ кидагосеб бухьен чIезабун букIуна цIалдохъабазул эбел-инсулгун. Гьелъ бигьаго букIуна щивасулгун индивидуалияб хIалтIи гьабизе, тIад кIвар кьезе кколеб рахъ лъазе. Рокъобги школалдаги бичIчIи бугеб гьоркьоблъи гIуцIиялъ цIалдохъабиги учительницаги бигьаго цоцада ричIчIула. Гьелъулъги буго ПатIимат ГIабдулаевалъул лъикIал хIасилал ккеялъул балъголъи.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## ГIадуев Ибрагьим ХъарамухIамадович



Дагъал церегIан къоязда нилъедаса ватIальана жигарав партиялъулгун советияв хIалтIухъан, ишалъулъ гIуцIи бугев инсан, ГIадуев Ибрагьим ХъарамухIамадович.

ГIадуев Ибрагьим гьавуна I927 соналъул I0 ноябралда Унсоколо росулъ векьарухъанасул хъизаналда.

ЗахIматалъул нух байбихьана I944 соналъул I0 апрелалда, хIалтIана Унсоколо росдал школалда байбихьул классазул учительлъун. I946-I949 саназда хIалтIана районалъул лъималазулрукъалъултарбиячилъун,I941-1948 саназда лъугIизабуна Буйнакск шагьаралда педагогическияб училище, I962-I965 саназда цIалун лъугIизабуна Северияб Осетиялъул педагогическияб институт.

ХIалтIана ВЛКСМалъул райкомалъул секретарьлъун, КПССалъул райкомалъул пропагандаялъулгун агитациялъул, гьединго гIуцIиялъзул отделазул заведующийлъун. ВукIана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул председательлъун. Анлъго нухалъ вищана росдал Советалъул депутатлъун, анцIго нухалъ районалъул Советалъул депутатлъун.

И. ГIадуевас нахъа тана гвангъараб, гIуцIи ва магIна бугеб гIумроялъул нух. Кив хIалтIулев вугониги гьев вукIана мисалияв, ракI бацIцIадав, хIажатазе кумекалъе ватулев, магIна бугев нухмалъулевлъун, гIадамазул мурадазе гIоло къеркьолев хIалимав инсанлъун. Кидаго вукIана районалъул газеталъул гьудуллъун, насихIатчилъун ва цIалдолевлъун. Гьединавлъун хутIила гьев щивасул ракIазулъ.

«Унсоколо район» МОялъул ва цогидалги учреждениял организациязул хIалтIухъабазул рахъалдасан гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **Ибрагьим** абадияб рокъове иналда бан, гьесул лъималазда, хъизаналда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 02. 10. 18 г. 16. 30
фактически -16. 45 мин.
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.